



Pou Piblikasyon Imedya: 09/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GRAN PWEN YO NAN BIDJÈ ISTORIK ETA NEW YORK LA POU ANE FISKAL 2023 A

Ap gen envestisman ki bat rekò nan swen medikal, edikasyon, lojman, enfrastrikti, ak anviwònman an

*L ap ogmante rezèv eta a rive a 15 poustan depans Fon Fonksyònman Eta a disi 2025*

*L ap ranfòse sekirite piblik ak kontwòl sou etik nan gouvènman an*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse gran pwen yo nan Bidjè istorik Ane Fiskal 2023 a, ki mele envestisman ki bat rekò nan avni alontèm New York ansanm ak gwo èd y ap bay yon sèl fwa pou ede refè anba pandemi COVID-19 la epi ak responsabilite fiskal san presedan. Plan istorik sa a rankontre avèk moman sa a ki rive yon sèl fwa nan chak jenerasyon pou envesti nan moun New York yo gras a rekonstriksyon ekonomi swen medikal la, konstriksyon sistèm edikatif la pou pi devan, rediksyon fado taks la pou moun ki plis bezwen sa, amelyorasyon enfrastrikti transpò ak lojman eta a, lit kont chanjman klimatik la, kreyasyon travay, ak amelyorasyon sekirite piblik ak kontwòl etik nan gouvènman an.

Lè li mete ansanm vizyon konsekan avèk responsabilite fiskal, Bidjè a mennen rezèv Eta a rive a 15 poustan depans Fon Fonksyònman Eta a disi 2025 - yon nivo nou potko janm wè anvan sa. Depo ki planifye yo se: 5 milya dola nan Ane Fiskal 2022 a, 5.1 milya dola nan Ane Fiskal 2023 a, 2.5 milya dola nan Ane Fiskal 2024 la ak 2.9 milya dola nan Ane Fiskal 2025 la.

"Nan prestasyon sèman mwen an, mwen te pwomèt tout desizyon m ap pran ap gen pou pase egzamen sa a: èske se sa ki pi bon pou moun New York yo?" **Gouvènè Hochul te deklare.** "Bidjè sa a respekte pwomès sa a e li ba nou yon plan pou avni akoutèm ak alontèm nan. Nou gen yon chans ki prezante yon fwa chak jenerasyon pou non sèlman pote soulajman pou fanmi yo epi mete plis lajan nan pòch moun jodi a, men sitou pou fè envestisman istorik nan moun New York yo pandan ane k ap vini yo. Avèk bidjè sa a n ap sezi chans sa a epi antre nan yon nouvo epòk kote gen plis fòs, plis sekirite, plis pwosperite nan Eta New York."

Men gran pwen yo nan Bidjè Ane Fiskal 2023 a:

### **Rebatì ekonomi swen sante nou an pou bay plis moun New York swen**

Akò bidjè a gen ladan 20 milya dola istorik pou envestisman nan swen medikal pou plizyè ane nan Bidjè Eta a pou Ane Fiskal 2023 a. Kreyasyon pi bon kondisyon travay pou travayè lasante yo ap yon priorite, avèk 1.2 milya dola ki konsakre a boni pou travayè lasante premye liy yo, epitou yon envestisman 4.5 milya dola sou plizyè ane nan refòm peman. Lòt envestisman enpòtan se 2.4 milya dola k ap sèvi pou amelyore enfrastrikti swen medikal la ak 3.9 milya dola nan finansman pou ofri èd pou lopital ki gen pwoblèm finansye yo poutèt pandemi COVID-19 la. Gen yon lòt 7.7 milya dola ki pral depanse sou kat ane pou mete 3 dola sou salè minimòm travayè swen lakay yo. Envestisman revolisyonè sa yo pral travay ansanm pou amelyore kondisyon travay yo epi devlope mendèv la pa 20 poustan sou senk pwochen ane yo, epi amelyore endistri swen medikal la pou tout moun New York yo.

### **Konstriksyon sistèm edikasyon an pou pi devan**

Bidjè Eta a prevwa soutyen san presedan pou batî sistèm edikasyon an pou pi devan avèk 31.5 milya dola total nan Èd pou Lekòl pou Ane Lekòl 2023 a, pi wo nivo èd Eta a janm pote. Envestisman sa a reprezante yon ogmantasyon 2.1 milya dola (7.2 poustan) nan yon ane konpare ak Ane Lekòl 2022 a, sa gen ladan 1.5 milya dola ogmantasyon nan Èd pou Fondasyon (Foundation Aid), ak yon ogmantasyon 125 milyon dola pou prekindègadenn tout jounen, ak yon 451 milyon dola ogmantasyon nan tout lòt pwogram Èd pou Lekòl yo. Bidjè a gen ladan tout envestisman ki pote transfòmasyon nan SUNY ak CUNY avèk plis pase 500 milyon dola soutyen anplis pou fonksyònman sistèm nan ak 2.2 milya dola pou finanse pwojè envestisman nan kanpis SUNY ak CUNY yo. Anplis de sa, li gen ladan 150 milyon dola pou elajî Pwogram Asistans pou Ekolaj la (Tuition Assistance Program, TAP), yon lyen vital pou etidyan yo ki kounye a pa disponib pou pifò sa k ap etidye a tan pasyèl yo, pou kouvri etidyan ki enskri nan omwen sis kredi etid nan SUNY, nan CUNY, oswa nan yon kolèj endependan ki pa gen bi fè lajan. Yo estime envestisman sa a nan TAP pral pote opòtinite k ap chanje lavi pou 75,000 lòt etidyan New York anplis chak ane.

### **32.8 milya dola pou enfrastrikti transpò**

Bidjè a gen ladan yon nouvo 32.8 milya dola plan envestisman sou senk ane pou pwogram ak pwojè ki pwopoze k ap sou administrasyon Depatman Transpò (Department of Transportation) Eta New York la. Adopsyon nouvo plan envestisman sa a, pi gran envestisman ki janm fèt nan enfrastrikti transpò eta a, reprezante yon ogmantasyon 9.4 milya dola (40.2 poustan) pa rapò ak dènye peryòd plan senk ane a. Nouvo plan transpò a bay priorite epi rekonsantre envestisman sou wout ak pon Eta a ak lokal yo nan pi piti minisipalite yo; sa ki rann kominote eta nou yo pi rezistan fas ak evènman move tan yo; epi enkòpore envestisman estratejik pou rekonekte katye yo epi fasilité kwasans ekonomik reyjonal yo, pandan y ap kreye plizyè milye nouvo djòb.

### **Envestisman istorik nan enfrastrikti enèji pwòp, rezistans kont klima ak prezèvasyon**

Bidjè a pral otorize yon lòt 1.2 milya dola pou Lwa enpòtan an sou Angajman nan Anviwònman an pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp, ak Djòb Ekolojik (Clean Water, Clean Air, and Green Jobs Environmental Bond Act), sa k ap pote envestisman total la a 4.2 milya dola. Anplis Lwa sou Angajman an, Bidjè a gen ladan yon rekò 400 milyon dola nan Fon pou Pwoteksyon Anviwònman an pou kore pwojè rediksyon efè chanjman klimatik, amelyorasyon resous agrikòl, pwoteksyon resous dlo nou yo, avansman efò konsèvasyon yo, ak opòtinite rekreyatif pou tout moun New York yo, epitou yon envestisman 500 milyon dola pou devlope chenn apwovizyonman an enèji ewolyen sou lanmè yo ak enfrastrikti pòtyè Eta a. Inisyativ sa k ap mennen nan peyi an pral kreye 2,000 djòb nan yon endistri k ap grandi, pandan l ap ede fè New York vin kapital enèji ewolyèn sou lanmè peyi an pou ane k ap vini yo. Bidjè a ap ede pwoteje sante piblik ak fè avanse restorasyon anviwònmantal ak ekonomik la tou gras a elajisman ak amelyorasyon Pwogram Netwayaj Ansyen Teren Endistriyèl la (Brownfield Cleanup Program) ki te jwenn siksè epi li gen ladan yon lòt 500 milyon dola nan finansman pou enfrastrikti dlo pwòp, sa ki pote envestisman total Eta nan dlo pwòp a 4.5 milya dola depi 2017.

### **Plan global 25 milya dola pou lojman**

Bidjè a pral pwopoze yon plan lojman konsekan, global, 25 milya dola sou senk ane k ap atake inegalite nan sistèm nan gras a kreyasyon ak prezèvasyon 100,000 kay bon mache, sa gen ladan 10,000 kay ki gen sèvis soutyen pou popilasyon frajil yo. Plan sa a pote kouran nan 50,000 kay anplis tou nan kad plan Eta a genyen pou l pote kouran pou yon milyon kay ak fè yon milyon lòt kay ankò pare pou resevwa kouran. Finansman an gen ladan 5.7 milya dola nan resous an kapital, 8.8 milya dola nan kredi fiskal Eta ak Federal ak lòt alokasyon federal, ak 11 milya dola pou sipòte fonksyònman abri ak inite lojman sipèvize yo epi bay sibvansyon pou lokasyon.

### **Voye plis timoun nan gadri**

Bidjè a ranfòse angajman Gouvènè Hochul la nan bay timoun yo pi bon chans reyisit posib epi bay paran yo posibilité patisipe ak pwogrese nan mendèv la gras a yon envestisman 7 milya dola sou kat ane, sa k ap plis ke double soutyen New York la pou gadri. Bidjè a monte limit enferyè revni an pou kalifye pou sibvansyon pou gadri a 300 pousan nivo pòvrete federal la (83,250 dola pou yon fanmi kat moun), sa k ap elaji kalifikasyon a plis pase mwatye jèn timoun yo nan New York. Bidjè a ap fè plis moun jwenn gadri bon kalite tou gras a ogmantasyon to mache gadri an pou mete ladan 80 pousan founisè yo. Chanjman sa a pral mete disponib plis opsyon gadri pou fanmi k ap resevwa sibvansyon yo epi an menm tan ogmante ranbousman yo pou founisè gadri yo. Pou pote plis soutyen pou founisè yo, ki se poto mitan endistri an, Bidjè a envesti 343 milyon dola pou ofri yon dezyèm tou sibvansyon pou estabilizayon founisè yo. Sibvansyon sa yo pral jwenn founisè yo ak anplwaye dirèkteman, avèk 75 pousan nan sibvansyon yo ki rezève pou soutyen mendèv la, sa gen ladan ogmantasyon salè, boni, ranbousman ekolaj, ak kontribisyón nan kou plan retrèt ak asirans maladi pèsònèl la.

### **Retablisman anba pandemi an**

Bidjè a kore pwogram ki se lyen vital pou moun New York ki riske viktим yo antan pandemi mondal la te mete aklè jan koneksyon pou reponn bezwen fondamantal yo frajil pou anpil moun. Nan kad yon akò avèk kò lejislatif la pou depanse 2 milya dola nan rezèv pou refè anba pandemi an nan envestisman k ap fèt yon sèl fwa, Bidjè yo pwomilge pou Ane Fiskal 2023 a gen ladan:

- 800 milyon dola nan fon eta pou Pwogram Èd Dijans pou Lwaye a (Emergency Rental Assistance Program, ERAP), ki jiskaprezan peye oswa pran angajman peye 2.1 milya dola pou aryere lwaye, epi konsa ede plis pase 160,000 fanmi ki gen revni ba ak mwayer e ki riske viktим enstabilite lojman;
- 800 milyon dola pou lopital ki toujou nan detrès finansye poutèt pandemi COVID-19 la;
- 250 milyon dola pou asistans pou aryere nan peman sèvis publik;
- 125 milyon dola pou asistans pou mèt kay; epi
- 25 milyon dola nan lòt envestisman k ap fèt yon sèl fwa, ki p ap refèt.

### **Pwoteksyon sekirite publik ak mezi kont vyolans ame**

Bidjè a gen ladan chanjman konsekan ak enpòtan nan lwa sou sekirite publik nou yo pou fè eta nou an vin gen plis sekirite, pou atake malèz manch long anpil moun santi nan lari nou yo, epi pou fè sistèm jistis penal nou an pi jis pou tout moun. Chanjman sa yo gen ladan:

- Kite jij yo etabli kosyon pou akizasyon nan zafè zam afe ki anvan sa te mande lage sèlman;
- Ajoute faktè jij yo dwe konsidere lè y ap etabli kosyon pou tout enfraçyon ki kalifye pou kosyon yo;
- Elimine echapatwa k ap bay pwoblèm nan Monte Laj (Raise the Age) ak Echanj Prèv yo (Discovery); epi
- Fè Lwa Kendra a vin pi efikas.

Bidjè a gen ladan tou 90 milyon dola nouvo resous pou ede nan aplikasyon refòm nan echanj prèv yo ak sèvis anvan pwosè yo. Sa gen ladan:

- Yon envestisman 65 milyon dola nan apwòch a echanj prèv ki garanti sekirite publik, sa gen ladan kowòdinasyon tout sistèm nan, teknoloji, plis kapasite estokaj, ak soutyen administratif; epi
- 25 milyon dola pou sèvis anvan pwodsè, sèvis pou evite prizon ak pwogram reyentegrasyon. Pami sèvis sa yo gen rapèl ak kontwòl prezans nan tribinal, evalyasyon, ak rekòmandasyon pou tretman sante mantal ak toksikomani.

Bidjè a pral gen ladan tou 224 milyon dola pou finanse inisyativ konsekan ki pral ranfòse efò prevansyon vyolans ak zam fòs de lòd yo ak òganizasyon kominotè yo. Gras a mezi global sa yo, nou pral travay pou retabli sans sekirite ak kominote moun New York yo nan triple resous ransèyman eta a sou vyolans ame, bay 13.1 milyon dola pou elaji itilizasyon Inite Estabilizasyon Kominote yo (Community Stabilization Units), triple envestisman nan pwogram sansibilizasyon SNUG New York la, epi nan rezèv 20 milyon dola pou reponn bezwen reyjonal yo alasuit vyolans ame.

## **Alèjman taks pou moun New York klas mwayèn yo ak ti biznis yo**

Bidjè a pral akselere alèjman fiskal pou moun New York klas mwayèn yo, ki se poto mitan ekonomi nou an, nan ofri to fiskal redui ki fin aplike nèt yo, kòmanse nan Ane Fiskal 2023 a, pou pote soulajman bay 6.1 milyon moun New York. Ti biznis yo te sibi pi gwo frap la poutèt ralantisman pandemi an te pote a. Bidjè a pote gwo soutyen tou pou ti biznis New York yo, sa gen ladan yon nouvo pwogram alèjman fiskal ranbousab limite ki vize depans ki gen rapò ak COVID-19. Pwogram nan pote jiska 250 milyon dola alèjman anplis pou ti biznis yo. Bidjè a kreye tou yon nouvo kredi alèjman fiskal sou pwopriyete, ki se Kredi Rabè Fiskal pou Pwopriyetè Kay la (Homeowner Tax Rebate Credit), pou fanmi ki gen revni ki fèb ak mwayen ki kalifye yo, ansanm ak fanmi granmoun aje ki kalifye yo: Nan kad pwogram sa a, benefisyè egzansyon Basic STAR ak kredi yo ki gen revni ki pi ba pase 250,000 dola ak benefisyè Enhanced STAR yo kalifye pou rabè fiskal sou pwopriyete a kote benefis la se yon pouvantaj nan benefis STAR ke pwopriyetè kay yo te genyen deja. Envestisman 2.2 milya dola sa a pral ede apeprè 2.5 milyon mèt kay.

## **Sispansyon taks sou kabiran yo**

Pou atake pri wo kabiran an, ki monte nan dènye mwa yo poutèt lagè nan peyi Ikrèn nan, New York pral sispann taks sou lavant ke yo te enpoze sou kabiran an, ak taks sou lavant distrik transpò pasaje metwopoloten an yo te enpoze sou gazolin ak dyezèl pou machin gwo wout ant jen ak desanm 2022, sa k ap pote yon soulajman yo estime a 585 milyon dola pou fanmi k ap travay yo ak biznis yo toupatou nan eta a. Eta a pral refè wout ak pon ak antite transpò publik yo tankou Otorite Transpò Metropolis an (Metropolitan Transportation Authority) ak sistèm transpò publik lokal yo toupatou nan eta a gras a ranplasman revni fiskal yo estime yo pèdi yo ak Fon Jeneral Eta a (State General Fund). Anplis de sa, lokalite yo t ap gen opsyon mete yon plafon sou pri ki gen taks sou lavant lokal ki aplikab ki enpoze sou yo a 4 dola pa galon.

## **Refòm enpòtan pou remete lafwa nan gouvènman an**

Bidjè a pral amelyore kontwòl etik epi remete konfyans moun New York yo nan gouvènman eta a gras a kreyasyon yon nouvo antite, "Komisyon sou Etik ak Lobi nan Gouvènman an (Commission on Ethics and Lobbying in Government)", pou ranplase Komisyon Miks sou Etik Publik (Joint Commission on Public Ethics) ki pa mache a. Se Gouvènè a, Sena a, Asamble a, Kontwolè a, ak Pwokirè Jeneral la ki pral pwopoze nomine yo pou Komisyon 11 manm nan epi rektè nan lekòl dwa yo pral egzaminen yo pou apwobasyon oswa refi. Komisyon an pral mache yon lòt jan e avèk plis transparans pase anvan avèk kondisyon vòt espesyal yo ki elimine, kò a ak vòt yo ki sijè a Lwa sou Reyinyon Publik la (Open Meetings Law) ak Lwa sou Libète Enfòmasyon an (Freedom of Information Law, FOIL), tout vyolasyon konfidansyalite yo ki pral jwenn Pwokirè Jeneral la, ak pi bon fòmasyon pou pèsonèl la ak avi pou viktim ki soufri malè nan men moun ki komèt zak sou yo. Komisyon an gen obligasyon tou pou li òganize yon reyinyon chak ane pou fè rapò sou aktivite li yo epi tandem opinyon publik la e li dwe rapòt tout konklizyon li yo nan 20 jou, olye de nan 45 jou anvan sa yo. Bidjè a gen ladan tou mezi pou ogmante transparans, tankou ajoutman moun ki plase nan fòmilè komunikasyon enfòmasyon finansye yo.

## **Kòktèl a anpòte**

Bidjè a ap otorize lavant bwason alkolik "a anpòte" pou konsomasyon andeyò etablisman an. Bwason a anpòte se te yon sous revni enpòtan pou ba ak restoran New York yo pandan pandemi an, ki te ede anpil ti biznis toupatou eta a peye lwaye oswa ipotèk yo. Bidjè a pral kontinye kore redrèsman ba ak restoran yo. Nouvo politik la okipe preyokipasyon ti biznis yo ki gen magazen bwason alkolik - nan egzije kòmann manje, vesò sele, ak entèdi vant boutèy. Anplis, egzijans pou vesò sele yo, mete ansanm avèk lwa sou vesò ouvè yo ki an vigè nan tout minisipalite eta a, pral garanti yo rezoud pwoblèm bwè an piblik la. Bidjè a mande tou pou yo gade globalman tout lwa sou Kontwòl Alkòl ak Bwason yo pou verifye yo aplike ak ajou an rapò ak nouvo lejislasyon sa a.

Depi gouvènè a te pwopoze Bidjè Egzekitif li an nan janvye, gen revni siplemantè ki prevwa epi fon eksedantè yo reyalize. Yo estime Bidjè total la pou Ane Fiskal 2023 a apeprè 221 milya dola kounye a, dapre yon evalyasyon preliminè chanjman yo negosye yo nan pwopozisyon Egzekitif la. Plan depans la pral gen ladan 2 milya dola pou asistans poutèt pandemi Gouvènè Hochul te endike ki te disponib pou itilize a lè yo te pibliye Bidjè Egzekitif la an janvye, men ke yo pa t mete kòm eleman nan bidjè depans la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418